



# Feyè Enfòmasyon

12 me 2010

## Machaswiv ou nan InfoPass

InfoPass se yon sèvis gratis ki pèmèt ou itilize entènèt la, nenpòt ki lè lajounen tankou lannwit, pou pran yon randevou ak yon Ajan Sèvis Sitwayènn ak Imigrasyon nan Etazini [*U.S. Citizenship and Immigration Services (USCIS) Immigration*](USCIS). Si w gen yon pwoblèm imigrasyon epi pi bon moun ki pou okipe pwoblèm lan se yon Ajan Imigrasyon USCIS ki fòme pou sa menm, InfoPass ap pèmèt ou pran yon randevou olye pou w mande ransèyman an pèsòn nan yon biwo lokal USCIS

### Kouman InfoPass kapab rann lavi w pi fasil?

- Li gratis: Li pa koute anyen pou w pran pwòp randevou pa w;
- Li pratik: Pran randevou w la sou Entènèt la (nan òdinatè pòtatif ou lakay ou, oswa nan òdinatè nan bibliyotèk piblik lokal la);
- Li fasil: Chwazi youn nan 12 lang ou vle pale a:
  - Chwazi “Make An Appointment”;
  - Tape kòd reyjonal adrès kote w resevwa kourye a (pou InfoPass ka voye w nan biwo kòrèk la);
  - Chwazi kalite randevou ou bezwen pou rezoud pwoblèm ou a (li toujou enpòtan);
  - Bay non ou, dat nesans ou, kòd postal ak nimewo telefòn ou;
  - Chwazi yon dat ak yon lè pou randevou w la (si w pa wè yon lè ki pratik pou ou, tounen tcheke ak InfoPass ankò – gen chwa pou nouvo randevou ki disponib chak jou travay); epi
- Lè avi pou randevou a parèt sou ekran òdinatè w la (ki montre lè, dat ak kote randevou w la ap fèt la), enprime li pou w ka prezante li nan randevou ou genyen ak InfoPass la.

### Kouman pou w rantre nan InfoPass pou pran yon randevou?

Pou itilize InfoPass, wap bezwen:

- Yon òdinatè ki gen yon koneksyon sou Entènèt la;
- Explorer 4.0 oswa youn ki pi resan, Netscape 4.0 oswa youn ki pi resan oswa nenpòt lòt pwogram navigasyon sou Entènèt la ki menm jan ak pwogram sa yo.

### Ki dokiman ou dwe pote nan randevou a?

Seksyon sa a enpòtan anpil; li l ak anpil atansyon. Pou rezoud pwoblèm oswa pou pran ransèyman wap mande yo, wap bezwen dokiman ki idantifye epi ki esplike pwoblèm lan. Men kèk nan dokiman wap bezwen yo:

- Fèy papye ou enprime konfirmasyon avi pou randevou ou genyen ak InfoPass la;
- Pyès idantifikasiyon gouvènman an bay. Li kapab nenpòt nan dokiman sa yo:
  - kat idantifikasiyon gouvènman bay epi ki gen foto sou li,
  - paspò,
  - lisans pou kondwi ki valab,

- Dokiman Otorizasyon pou Travay, oswa Fòm I-551, Kat Rezidan Pèmanan (grinnkat”)
- Fòm I-94, Dosye Arive-Depa; **remak:** si Fòm I-94 ou a pa gen yon foto w ki tache sou li, lè sa a, yon paspò ak yon lisans pou kondwi ki valab ta dwe akonpaye li antanke fòm idantifikasiyon anplis.
- Tout fòm imigrayson yo, avi resepsyon yo, lèt apwobasyon oswa refi, tradiksyon domiman orijinal ki gen rapò ak ransèyman wap mande a.

### **E si w bezwen ranvwaye randevou a pou yon lòt lè?**

- InfoPass pèmèt ou itilize nimewo idantifikasiyon ki nan fen avi ou enprime sou konfirmasyon pou randevou a pou anile oswa ranvwaye randevou yo.
- Pou pèmèt nou sèvi pi plis kliyan posib, tanpri anile randevou ou la si w pa kapab vini a lè nou ba w la. Pa gen okenn sanksyon pou ranvwaye oswa anile yon randevou.
- Si w pèdi avi pou randevou a, ou kapab enprime yon ranplasman si w ale nan InfoPass epi ou randre enfòmasyon ou bezwen an.

### **E si mwen bezwen yon ransèyman regilye sèlman?**

Pou sijè regilye, tankou [Fòm, Estati Ka, Renouvele oswa Ranplase yon Kat Rezidan Pèmanan, Otorizasyon pou Travay] ou pa bezwen rankontre ak ajan USCIS yo an pèsòn. Yo kapab regle ransèyman regilye yo fasilman epi rapidman pa telefòn oswa sou Entènèt la:

- Fòm – Tout fòm imigrasyon yo gratis epi ou kapab telechaje yo nan [www.uscis.gov](http://www.uscis.gov). Ou kapab rele National Customer Service Center (NCSC) [Sant Nasyonal pou Sèvis Kliyan] nan 1-800-375-5283 epi mande pou yo voye yon fòm ba ou pa lapòs.
- Estati Ka – Pou estati yon ka ki depoze nan yon USCIS Service Center [Sant pou Sèvis USCIS], ale nan [www.uscis.gov](http://www.uscis.gov) epi chwazi “Check My Case Status” anba “Customer Tools” sou bò dwat paj akèy la. Itilize nimewo resi Service Center a [Sant pou Sèvis] ba w la, randre twa lèt yo epi 10 chif ki vini apre yo (san espas, san tirè).
- Renouvele oswa Ranplase yon Kat Rezidan Pèmanan – Fòm ou bezwen an se Fòm I-90, Aplikasyon pou Ranplase Kat Rezidan Pèmanan. Ale nan [www.uscis.gov](http://www.uscis.gov) epi chwazi “Forms” nan pati anwo agoch la, answit desann jiskaske w rive nan I-90.
- Otorizasyon pou Travay – Pou fè aplikasyon oswa pou renouvele otorizasyon pou travay, ou bezwen Fòm I-765, Aplikasyon pou Otorizasyon pou Travay. Ale nan [www.uscis.gov](http://www.uscis.gov) epi chwazi “Forms” nan pati anwo agoch la, answit desann jiskaske w rive nan I-765.

Pou enfòmasyon jeneral, epaye tèt ou yon vwayaj – rele NCSC a nan 1-800-375-5283, lè w alèz lakay ou, pou wè si nou ka reponn kesyon ou yo dabò!

– USCIS –